



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE MOUN YO PRAN PREKOSYON PANDAN GWO TANPÈT GRAV YO KONTINYE AP MENASE REJYON NÒ ETA NEW YORK

Gen kèk pati nan rejyon Lwès New York, Finger Lakes ak Southern Tier ki gen pi gwo risk pou yo sibi enpak jedi swa rive vandredi

Gwo lapli ak gwo van ka lakòz inondasyon sibit, pye bwa ki tonbe ak blakawout

Yo pa prevwa ke kondisyon tan ki pi grav yo pral afekte pati lès eta a, men li posib pou gen gwo lapli lokalize

Siveyans Inondasyon an pral anvigè vandredi apremidi ak aswè pou kèk pati nan North Country ak rejyon kapital la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo, espesyalman moun ki nan mwaye lwès eta a, pou yo prepare yo pou potansyèl gwo loraj k ap kòmanse jedi swa rive vandredi. Pandan ke majorite eta a ka wè diferan nivo lapli, yo prevwa move tan ki pi grav yo ka afekte kèk pati nan rejyon Lwès New York, Finger Lakes ak Southern Tier. Yo prevwa zòn nan rejyon Mid-Hudson, Capital ak North Country ki te inonde ak gwo tanpèt loraj ak inondasyon sibit nan semèn ki sot pase yo gen pi ba risk pou move tan, men sa posib pou yo gen lapli lokalize nan zòn ki te fè eksperyans inondasyon tou dènyèmman. Pandan Gouvènè Hochul ak administrasyon li a ap veye byen sistèm meteyo sa a epi yo pare pou sipòte repons patnè lokal yo pou nenpòt enpak, n ap raple Nouyòkè yo pou yo siveye previzyon lokal yo, asire fanmi yo pare pou move tan, epi pou yo pa janm kondui sou wout ki inonde.

"Ekip mwen an ap swiv previzyon an ak anpil atansyon pou rès semèn sa a pandan Manman Lanati ap kontinye pote move tan ban nou ete sa a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou pare pou reponn a tanpèt sa a epi nou pral ede gouvènman lokal yo sou demann avèk pèsònèl ak ekipman si inondasyon oswa blakawout lakòz destriksyon".

Apati jedi swa, lapli ak loraj pral kòmanse antre nan eta a. Yo prevwa kèk pati nan konte Chautauqua ak Cattaraugus yo gen plis risk pou yo gen gwo tanpèt loraj pase lòt zòn nan eta a nan lwès Syracuse. Sistèm sa a gen posiblite pou pwodui move tan, tankou van ki lakòz domaj ki depase 93 kilomèt alè, lagrèl ki rive jiska yon pous dyamèt, inondasyon sibit lokalize ak tònad izole.

Yo te bibliye yon Alèt Inondasyon pou pati North Country ak Rejyon Kapital la apati vandredi apremidi epi kontinye jiska byen ta nan vandredi swa, paske lapli ak tanpèt loraj yo ta dwe pwodui jiska twa pous lapli oswa kantite lokal ki pi wo nan kèk kote.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Yon lòt seri move tan sou wout pou afekte New York epi ekip nou yo pare pou sipòte patnè lokal nou yo jan nou kapab. Pandan ke yo prevwa move tan ki pi grav pou pati lwès eta a, tout Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan paske tè nou an rete trè satire epi risk inondasyon sibat yo kontinye".

Preparasyon Ajans Eta yo

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la ap kontwòle tan ak kondisyon depasman yo, epi kowòdone tout bezwen repons yo ak gouvènman lokal yo. Ekip Jesyon Ensandi ak Ijans Eta a prepare pou reponn avèk pèsònèl ak resous yo, nan ka ta gen inondasyon sibat.

Depatman Transpò

Depatman Transpò Eta a prepare pou reponn ak evènman meteyo avèk prèske 3,500 operatè ak sipèvizè ki disponib nan tout eta a.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,383 gwo kamyon abèn baskil
- 318 gwo chajè
- 82 dechiktèz
- 81 ekskavatis ak wou ak cheniy
- 32 platfòm tou trafik
- 20 kamyon aspiratè ak jè egou
- 15 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway

Anplwaye Otorite Thruway la ap siveye previzyon meteyo a epi li genyen 653 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk eskavatis ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratis ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmty yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak

rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 340 Gwo Kamyon Baskil Abèn ak Ti Kamyon
- 56 Gwo Chajè
- 33 Trelè
- 6 Kamyon Aspiratè
- 13 Ekskavatris
- 8 dechiktèz ak bwòs
- 100 Twonsonez
- 23 kamyon aeryen
- 23 Chajez ak Direksyon
- 84 Jeneratris Pòtab
- 69 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway (Thruway Authority) a ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#) yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter epi vizite [thruway.ny.gov](#) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyaasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo afekte poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtaaj nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alètte epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo ta dwe vizite [parks.ny.gov](#), tcheke aplikasyon mobil gratis NY State Parks Explorer oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York yo genyen apeprè 5,500 travayè disponib pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta New York, pou evènman sa a. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout

evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesèsè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zeklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Chècheabri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nanabri ou an.
- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yonabri, rete lwen pye bwa yo. Si pa genabri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Tònad

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chècheabri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.

- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib lan. Pa pran asansè — pran eskalye pito.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhss.gov/safety>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418